



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 25^{YÈM} PWOPOSIZYON NAN DISKOU SOU SITIYASYON 2017 ETA A: PI GWO PWOJÈ ENÈJI VAN (EWOLYÈN) BÒ LANMEN PEYI A NAN KOT LONG ISLAND E ANGAJMAN SAN PRESEDAN POU DEVLOPE JISKA 2.4 GIGAWATTS ENÈJI EWOLYÈN BÒ LANMÈ VÈ 2030

Apèl bay Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) yo pou apwouve Pwojè 90 Megawatt nan Montauk epi Sipòte Devlopman Kontra Ewolyen 800 Megawatt Bò Lanmè nan Kòt Pensil Rockaway la

Pwodiksyon 2.4 Gigawatts Kouran Kont pou 1.25 Milyon Kay

Ajans Piblik Dirèk yo ap Detèmine Rantabilite ak Chemen Responsab pou Atenn 100 Pousan Enèji Renouvlab nan Tout Eta a

Plan Direktè Enèji Ewolyèn Bò Lanmè a ap Fini nan Fen 2017

Tout Pwojè Enèji Ewolyèn yo Devlope Lwen Panorama Kot Long Island lan e nan Kolaborasyon Etat ak Kominote yo

Ki Enpòtan pou Objektif Gouvènè a pou atenn 50 Pousan Enèji Renouvlab vè 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Otorite Enèji Long Island yo jodi a pou apwouve yon pwojè 90 megawatt enèji ewolyèn bò lanmè a 48 km nan sidès Montauk. Pwojè a ap pi gwo fèm ewolyèn bò lanmè peyi a e li p ap vizib depi plaj Long Island yo. Li te pwopoze tou yon angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 gigawatt enèji ewolyèn bò lanmè vè 2030, yon pwodiksyon kouran ki ase pou 1.25 milyon kay e pi gwo angajman nan istwa Etazini. Pwojè a ap devlope lwen kote pou wè apati de kot la e nan kolaborasyon etwat ak kominote ak entèvenan lokal yo. Gwo Plan Enèji Ewolyèn Bò Lanmè a ap dekri wout pou angajman san presedan pou enèji ewolyèn bò lanmè a e l ap fini nan fen 2017.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Angajman san parèy New York nan enèji ewolyèn bò lanmè a ap kreye nouvo djòb ki byen peye, redwi anprent kabòn nou, etabli yon nouvo

sous enèji ki fyab pou plizyè milyon Nouyokè, epi konsolide estati New York antanke yon linè nasyonal nan enèji pwòp. Gwo Plan Enèji Ewolyèn Bò Lanmè a ap etabli yon estrateji odasye pou eksplwate resous ki pa eksplwate sa nan New York epi founi yon nouvo sous enèji pou alimante yon avni ki pi briyan, pi vè pou tout moun.”

Enèji ewolyèn bò lanmè a enpòtan anpil pou atenn objektif ki souliye nan Nòm Enèji Pwòp Gouvènè a pou reponn a 50 pousan bezwen elektrik New York ki gen sous renouvlab vè 2030. Nan kad pwopozisyon sa, Gouvènè a mande ajans eta yo tou pou asire yon zòn lokasyon 79,000 kawo tè ki kapab enstale 800 megawatts enèji ewolyèn bò lanmè sou Penensil Rockaway la devlope nan fason ki rantab e ki responsab pou konsomatè yo.

Anplis, Gouvènè Cuomo òdone Ministè Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York la (Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou detèmine mwayen ki pi rapid, pi rantab epi responsab pou atenn 100 pousan enèji renouvlab nan tout eta a. Eta a ap angaje patnè akademik pou tire pwofi nan rechèch sou enèji ki eziste deja yo epi mande kòmantè lòt entèvenan kle yo.

Pwojè Long Island yo

Gouvènè Cuomo mande Otorite Elektrisite Long Island yo apwouve pi gwo fè enèji ewolyèn bò lanmè peyi a. Pwojè a ki se yon devlopman 90 megawatt a 48 km nan sidès Montauk, se premye etap pou devlope yon zòn ki ka akeyi jiska 1,000 megawatt enèji ewolyèn bò lanmè. Nan yon endikasyon sou atraksyon k ap grandi pou enèji ewolyèn bò lanmè antanke yon sous enèji, pwojè ki pwopoze a se pwojè ki pi inovan e ki koute mwen chè ou reponn a bezwen enèji k ap ogmante nan South Fork e pou founi enèji ki pi pwòp pou Long Island. Otorite Enèji Long Island yo te endike ke kontra negosyasyon yo prèske fini, e y ap vote pwojè yo nan rankont janvyè li a. Gouvènè a mande Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) yo pou apwouve pwojè a epi asire ke yo devlope l nan fason ki responsab epi ki rantab pou tout pati yo.

Yon dezyèm pwojè ap founi anviwon 800 megawatt enèji ewolyèn bò lanmè nan yon zòn ki 27 kilomèt nan sid Penensil Rockaway la. Nan nwa desanm nan, konpayi enèji entènasyonal Statoil Wind US LLC te ranpòte vant ozanchè ki soti nan gouvènman federal la pou lwe sifas pou devlopman enèji ewolyèn nan.

Gouvènè a ap mande Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York yo travay ak Statoil pou asire pwojè a livre elektrisite ki rantab e ki responsab a konsomatè yo. NYSERDA ap ede asire tou, ke yo reponn a bezwen pati ki afekte yo tankou, pechè, sektè maritim, kominote kotyè ak travayè yo. Konpayi an te ranpòte lokasyon an pou 42.5 milyon dola, ki demontre gwo enterè komèsyal ki genyen nan devlopman enèji ewolyèn pou Eta New York.

Gwo Plan Enèji Ewolyèn Bò Lanmè a

Ak kèk nan kondisyon ki pi favorab pou enèji ewolyèn nan peyi Etazini, kot Long Island

lan genyen potansyèl pou pote anpil kantite enèji renouvlab, ak kreyasyon djòb enpòtan ak benefis devlopman ekonomik pou tout Nouyokè. Pou rekòlte benefis sa yo, Gouvènè Cuomo egzije devlopman jiska 2.4 gigawatt enèji ewolyèn ki responsab sou plan anviwònman e ki rantab nan Oseyan Atlantik la vè 2030, ki lwen panorama ki sou kot Long Island lan, nan kolaborasyon etwat ak kominote ak entèvenan yo.

Angajman sa, ap avanse gras ak Gwo Plan Enèji Ewolyèn Bò Lanmè a k ap konplete nan fen 2017 la. Plan an ap etabli yon angajman pou devlopman responsab resous ewolyèn bò lanmè New York nan fason ki benefisye konsomatè enèji yo epi pwoteje anviwònman an. Van bò lanmè ap pwoteje anviwònman an lè l redwi emisyon yo epi ensite investisman nan enfrastrikti ak pwodiksyon, kreyi djòb bon kalite atravè eta a.

Eta a ap asire ke enpak vizyèl tiin ewolyèn yo ap minimize atravè yon lokalizasyon ki apwopriye. teknoloji debaz nouvo tibin enèji ewolyèn bò lanmè yo, ap pèmèt konstriksyon nan dlo ki pi fon, pi lwen kot la e lwen chan vizyèl kot la.

Konsènan Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. Refòm Vizyon Enèji a ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout Nouyokè yo lè li favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou enèji solè, enèji van ak efikasite enèji, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite eta a bezwen ki soti nan enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, Refòm Vizyon Enèji a te pèmèt 750 pousan kwasans sou kapasite enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki gen revni fèb bese pri fakti elektrisite yo yon fason pèmanan gras a efikasite enèji a, epi kreye anpil milye djòb nan manifakti, jeni, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. Refòm Vizyon Enèji ap asire Leta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou Refòm Vizyon Enèji a, ansanm ak investisman \$5 milya dola Gouvènè a nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou sou @Rev4NY.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418